ÑEENTEELU NJÀNG MI: SAAFARA YI

JESSICA SEGALL
WAXAL KAÑ

CI TËNK

Film bu ndaw bu artist bi tudd Jessica Segall “Waxal Kañ” mungi daw ci gox yi jëfandikoo eneersi bi jóge ci jant bi te gox yooyu tollook 101171.411 hectar te nekk ci Amerik te kenn jëfandikuwu ko. Foofu, Segall mungi dox ci gancax gu amul dara te mungi yore benn seetu bu jublu ci assamaan si ngir mandarga seetu bu magamaga buy xecc naaj, teknologie bu yagg bu nu mëna jëfandikoo ngir am eneersi bu jóge ci jant bi. Ci sotteente xalaat ak ab aktiwite, jàngkat yi dinanu liggéey ngir xalaat kattaan bu jóge ci jant bi ngir adduna bi yëpp.

Li Ni Ci Séentu:

1. Jàngkat yi dinañu gis maanaa bi nu jëfandikoowul bi ci goxi eneersi bi jóge ci jant bi.
2. Jàngkat yi dinañu xalaat ci ay maanaa ngir jëfandikoo eneersi bi jóge ci jant bi.
3. Jàngkat yi dinañu cool seen mën-mënu liggéeyandoo jëm ci ay yooni dekkalaat.

Tërëlinu Njàng Mi (60 simili):

1. Dalal bi: 5 simili
2. Wone film bi: 5 simili
3. Weccoo xalaat ci ay mbooloo yu ndaw: 15 simili
4. Waxtaanak ki nekk sa wet: 10 simili
5. Aktiwite yi: 20 simili
6. Tëj waxtaan wi: 5 simili

Baat Yu Am Solo: Soppiku Kilimaa bi, Eneersi/Kattan, Seetu buy jallale naa, Dekkalaat, Kattan/eneersi bu joge ci jant bi, Goxu eneersi bi joge ci jant bi.

Jumtukaay:

1. Kayit yi ñuy wara defe actiwite yi (ñu tiire leen)
2. Li ñuy binde (crayons, big, ay markëër walla)

1 UBBITE BI (5 SIMILI)

Dalalal jàngkat yi. Tay, dinanu jàng maanaa bi ñu jëfandikoowul bi ci goxi eneersi bi jóge ci jant bi te tambali xalaat ci kattaan bu jóge ci jant bi ngir adduna bi yëpp.

L: Lan la baatu Jant di tekki walla di leen jox?
T: Jant bi, kattan, tangaay, naaj, leeraay
L: Leegi, nanu boole baat yi. Lan ngeen xam ci Kattan biy jóge ci jant bi?
T: Kattan bi jóge ci jant bi, soppi këriñ

Kattan bi jóge ci jant bi mooy leeral biy jóge ci jant bi te nu mën koo jëfandikoo ci lëpp lu soxla kuraŋ ci sunu adduna tay bi. Balaa nuy wëyal sunu waxtaan wi ci mbirum kattanu jant bi ak ay saafara, nanu seetaan film bi ngir mëna pare.

2 WONE FILM BI (5 SIMILI)

Dinanu seetaan film bi, te mu tudd *Wax Kañ,* te artist bi dëkk Brooklyn ci New York te tudd Jessica Segall def ko, film bi ñungi ko defe ci Gët Saalumu Amerik.

JËF: Bunuy seetaanandoo film bi, nanu fexe xalaat ci lii:

1. Noo leendi tekke ci suuf si ñu defe film bi ak ni ñu ko defe?
2. Noo leendi tekke jëf-jëfi artist bi ak ay yëngu-yëngoom?

3 SOTTEENTE XALAAT CI MBOOLOO (15 SIMILI)

Xalaatleen ci film bi nu seetaan sanq ak li ngeen ci gis.

L: Lan ngeen raññe ci film bi? **L:** Lu xew?

Film bi mungi daw ci gët saalumu Amerki ci ay goxi Eneersi yu jóge ci jant bi te nu tollook 101171.411 hectare ci suuf te Nguurug Amerik joxe ko ngir lal ci ay jumtukaay yuy indi eneersi bi jóge ci jant bi waaye ba léégi kenn laalu ko.

L: Su fekkoon mungi doon dox lan la eneersi boobu jóge ci jant waroona mëna joxe in film bi? **T:** tangaay, kuraŋ, kattan.
L: Lan moo ci am njëriñ di jëfandikoo eneersi jant bi?
T: Waññi saxaar si, yokk wér gu yarami nit ñi, xeex soppeeku kilimaa, waññi njëgu kuraŋ bi, am kuraŋ ci jamonoy kupiir, jappale ñi ñakk kuran, dooleel kuraŋ bi, dolli ci li beesalaat te fexe ba adduna bi am eneersi bu doy te jox nit ñi liggéey, ak yu ni mel.

Nanu jël benn simili te xool ki gëna fes ci film bi. Nit ki ci film mooy ki defar film bi, Jessisa Segall.

L: Noo leen gise ay jefam, li mu sol, digganteem ak mbir yi?
L: Naka la artist bi di jeflanteek jant bi?

Defarkatu film yi Jessica Segall dafa dundal benn seetu bu mag ci seetu bi mu tëye te féétale ko ci jant bi. Jëf bu ndaw bii ci film bi moo ñuy fatteli ci sunny mën-mën ñun ñëpp ngir yëngu ci doole bi jant am te muy dëgg.

L: Soo amoon dooleey jot ci eneersi bi nekk ci gox yooyu ñu jëfandikuwul eneersi jant bi, loo leen di def ak eneersi boobu? Noo leen di jëfandikoo eneersi boobu ngir gëna baaxal seeni dëkkuwaay ak ñi ngeen dëkkal walla li leen wër?

4 WAXTAAN AK KI NEKK SA WET (10 SIMILI)

Jublul ci ki nekk sa wet. Liggééyandoo leen ngir tekki baat yii artist bi def, te ngeen xool laaj di ñëw!

> “ Artist yi dañu am ay mën-mën ci nettili yu ñu mëna gis, te mëna amal ay jokkoonte yu ñu foogewul. Dañuy jot ci lu ñu foogewul ak lu leerul, fexe ay xalaat yu bees.
>
> *- Jessica Segall*

L: Naka la artist bi jefandikoo nettali yu nu mena gis ngir waxtaan ak ni di seetaan?
L: Loo leen xalaat ne artist bi moom la bëgga waxtaane ci mbirum eneersi jant bi jaarale ko ci ay jëfam?

Laaj leen ñu wax waxi seen xalaat jóge ci seeni tontu!

5 AKTIWITE: TOPP JANT BI (20 SIMILII)

Jàngat yi dinañu jang ay teknik nu ñuy toppe jant bi ngir mëna ko jëfandikoo bu baax ngir am naaj bu doy ngir seeni yëngu-yëngu bés bu nekk.

Jàng ci mbirum eneersi jant bi ni saafara mën na nekk lu àndul ak dundum bés bu nekk, am na ay yoon yu bari yu nu mëne jëfandikoo jant bi ci sunu dundum bés bu nekk. Jant bi foo mëna nekk ci adduna mën nga caa jot. Léégi, dinanu jàngandoo naka lanuy toppe jant bi ci nu muy yëngoo ci kay assamaan si bés bi yëpp.

L: Lu waral nu bëgga jàng naka lañuy toppe fu naaj bi nekk?
L: Yan yoon lanu mene jëfandikoo eneersi jant bi ci sunu dundub bés bu nekk?
T: Saxal ay garab, wowal yére, lekk, ak ñoom seen; toppatoo ndox mi, amal tangaay, sarse ay pano eneersi jant bi.

Noonu la! Aktiwite bu ci nekk dafay soxla njëgu naaj bu bokkul ak beneen bi. Ci aktiwite bii, dinanu taggatu ci topp ci ñaata ci naaj ngeen soxla ci gox bu nekk ba ngeen mëna xam naka ngeendi ko mëne jëfandikoo ci anam bu gëna baax.

Jéégo **1** Waajalal say matariyel. Jàngkat yi dinañu soxla ay kayitu ci aktiwite bi (walla kayit bu am ay rëdd yu ndaw) ak ay karayoŋ yu kulëër.

Jéégo **2** Jappaleel jàngkat yi ñu wax ay bërëb yu ñu mëne topp jant bi. Jàngkat yi war nañu tann ab bërëb bu nu mëne xoole jant bi ay waxtu.

Leeral: Doo leen mëna topp jant bi ci waxtu wii nu nekk kalaas. Laajal jàngkat yi ñu topp jant bi ni liggéey bu ñu mëna def bu ñu ñibbee seen kër te ñu indaale ko kalaas bi ci topp.

Jéégo **3** Waxal jàngkat yi nu desine bërëb bi nuy toppee jant bi. Waxal jàngkat yi nu boole ci mbir yëpp di joxe keppar ci bërëb bi, boole ci garab yi, ak lëpp lu taxaw.

Jéégo **4** Laajal jàngkat yi nu dellu ci bërëb bi waxtu wu nekk lu tollook ay waxtu yu bari.
1. Laajal jàngkat yi nu defaraat seen dessin bi waxtu wu nekk, nu def ci fan la naaj bi jame bu baax (walla fu mu gënee fës)
2. Jàngkat yi war nanu bind waxtu wi nu mandargalee seen naaj bi ni gis.

Jéégo **5** Woowal jàngkat yi nu wax li nu def ci kalaas bi.

Laaj yi ngir jeexal:

L: Naka la dessin yi niróówe walla wutee?
L: Loo leen jàng bi ngeen doon topp jant bi?
L: Ci lan ngeen di jëfandikoo xibaar yii?

6 CI JEEXAL (5 SIMILI)

Tay jàng nanu ci mbirum eneersi jant bi jaarale ko ci benn film vu tuddd Waxal Kañ. Waxtaan nanu ci yoon yi nu menee jefandikoo eneersi jant bi te tambali xalaat eneersi jant bi bu adduna bi yëpp.

Laaj yi ngir tëj waxtaan wi:

L: Lan lu bees walla lu leen neex nga jàng ci mbirum eneersi?
L: Ci naka la film bii amee lu mu def ci seen diggante ak jant bi?
L: Yan jafe-jafe moom lanu am ci sunu liggéey ngir am eneersi jant bi ngir adduna bi yëpp?
L: Lan lanu mëna def ngir mëna egg ci mëbët boobu?
L: Ndax am na ku am yeneen laaj balaa nuy tëj sunu njàngum tay?

FARAMFACE BAAT YI

Soppeeku kilimaa bi: Ab soppeeku ci ni kilimaa di deme ci adduna bi walla ci gox bu gëna ndaw, lu ci ëpp soppeeku bi doore ci téémééri at yii jall te ñu jagleel ko yokkutéém saxaar si ci kaw jawu ji te mu jóge ci nit ñi ci seen jëfandikoo petarol ak yu ni mel.

Kattan/Eneersi : Doole buy joxe leeral, tangaay walla kuraŋ

Seetu buy jallale naaj: Benn jumtukaay bu am benn seetu bu nu mëna dandal bu nuy jëfandikoo ngir jallale naaje ci benn bërëb. Seetu bi mën nanu ko jëfandikoo ngir joxe eneersi bi jóge ci jant bi.

Beesalaat: Fexe ba mu beesaat, defaruwaat, delloo ko nu mu meloon, te am yéène fexe ba mu baax ci kaw li yaquwoon walla li nu ñakk.

Kattan bi jóge ci jant bi: Mooy eneersi bi jóge ci jant bi nu soppee kuraŋ. Eneersi jant bi moo gëna set te gëna bari te nu mën koo beesalaat te du jeex.

Gox yi am eneersi jant bi: Bërëb bu nguur gi aar te mu jagleel ko kattan yi nu mëna beesalaat.

DEFAR KARTU JANT BI (AKTIWITE)

JESSICA SEGALL
WAXAL KAÑ

1. Xool benn bërëb ci biti fi ngeen mënee toppee jant bi (maanaam, palanteer, sardin walla ëtt). Dessineleen bërëb bi ci suuf te ngeen def ci lëpp li ngeen gis ci bërëb bi.

2. Toppleen jant bi te ngeen mandarga fëpp fu ngeen gis naaj bi (fi mu gëna baree) waxtu wu nekk lu tollook ay waxtu. Bindleen waxtu ngeen mandargal naaj bi.

3. Tënk leen aktiwite yëpp yi ngeen def te ngeen jëfandikoo naaj bi (maanaam vowel yere, vowel ñam, saxal ay garab?